

English	Haitian Creole
KNOW YOUR WORKPLACE RIGHTS:	KONNEN DWA OU NAN ESPAS TRAVAY OU:
Weingarten Rights	Dwa Weingarten
Union-represented employees have a right to request a representative and have them present during an interview that the employee reasonably believes could lead to discipline.	Anplwaye sendika reprezante yo gen yon dwa pou mande yon reprezantan epi pou reprezantan an prezan pandan yon entèvyou anplwaye a kwè yon fason rezonab kapab lakòz li anba disiplin.
Representatives are entitled to provide advice and active assistance to employees during these investigatory interviews.	Reprezantan yo gen dwa pou bay konsèy ak asistans aktif pou anplwaye yo pandan entèvyou ankèt sa yo.
Employers violate the law if they threaten or retaliate against an employee because they made a request for a union representative, or if it proceeds with the interview despite the request.	Patwon yo vyole lwa a si yo menase pou fè vanjans kont yon anplwaye paske anplwaye a te fè yon demann pou gen yon reprezantan sendika, oswa si patwon an kontinye avèk entèvyou a malgre demann lan.
Unrepresented employees don't have a right to have a representative in these interviews under current law, but the NLRB may reinstate that right in a future case.	Anplwaye yo ki pa gen reprezantasyon an pa gen dwa pou yo jwenn yon reprezantan nan entèvyou sa yo dapre lwa ki anvigè nan moman an, men NLRB ka reyentegre dwa sa a nan yon afè pidevan.
The National Labor Relations Board is an independent federal agency that protects the rights of private sector employees to join together, with or without a union, to improve their wages and working conditions.	Konsèy Nasyonal Relasyon Travay se yon ajans federal endependan ki pwoteje dwa anplwaye sektè prive a pou òganize yo ansanm, avèk oswa san yon sendika, pou amelyore salè yo ak kondisyon travay yo.